


SÈVIS FATRA AK RESIKLAJ

JEN 2025 –
JIYÈ 2026



GO GREEN | Medford 



KONPOSTAJ



RESIKLAJ




FATRA LAKOU AK FÈY




FATRA

Kalandriye koleksyon nan Medford

Vakans ak reta
 Semèn resiklaj ble
 Semèn resiklaj vèt
 Anga pou penti

 Fatra Lakou & Fèy (2025): Ramasaj ap fèt semèn opoze semèn koleksyon resiklaj yo soti 1e Jiyè rive 19 Desanm

 Koleksyon ab de nwèl:
Semèn ki opoze a semèn resiklaj la

JIYÈ 2025						
D	L	M	M	J	V	S
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

OUT 2025						
D	L	M	M	J	V	S
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						

SEPTANM 2025						
D	L	M	M	J	V	S
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30				

OKTÒB 2025						
D	L	M	M	J	V	S
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	


NOVANM 2025						
D	L	M	M	J	V	S
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30						

DESANM 2025						
D	L	M	M	J	V	S
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			

JANVYE 2026						
D	L	M	M	J	V	S
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31

FEVRIYE 2026						
D	L	M	M	J	V	S
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28

MAS 2026						
D	L	M	M	J	V	S
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

 Fatra Lakou & Fèy (2026): Ramasaj ap fèt semèn opoze semèn kolèt resiklaj yo, soti 30 Mas rive 30 Jen

AVRIL 2026						
D	L	M	M	J	V	S
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30		

ME 2026						
D	L	M	M	J	V	S
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						

JEN 2026						
D	L	M	M	J	V	S
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30				

Gen reta ki prevwa pou jou konje sa yo selman:

4 Jiyè • Fèt Travay • "Thanksgiving" • Jou Nowèl • Nouvèlan • "Memorial Day"
Lè yon jou ferye kote ka gen reta tonbe yon jou koleksyon nòmal,
koleksyon yo ap gen yon reta de yon jou pou rès semèn nan.

Reta sou sèvis yo

Si sèvis koleksyon yo anreta, vil la ap fè abitan yo konnen sa atravè sistèm mesaj alèt li a. Anrejistre sou medfordma.org/alerts pou resevwa alèt yo.

Antretyen ak plasman poubèl yo

- Toujou kite kouvèti yo fèmèn pou anpeche lapli, nèj ak bèt rantre.
- Netwaye poubèl yo regilyèman.
- Se machin fatra a ki leve poubèl la poukont li, gras ak yon prosesis otomatik. Kidonk machin fatra a bezwen espas pou li fè sa a. Li nesèsè pou gen pou piti yon espas ki mezire 5 pye ant machin ki pake sou twotwa a ak poubèl la.
- Pou pèmèt machin poubèl la pran fatra yo an sekirite, li nesèsè pou kite yon espas ki mezire 3 pye chak bò charyo a epi yon espas 12 pye anlè charyo a.
- Pa dwe gen plis pase 3 pye ant poubèl yo ak bò lari a, flèch poubèl la dwe bay fas sou lari a epi manch yo dwe bay sou kay la.

Ou gen on kesyon osinon yon pwoblèm?

Rele biwo Depatman Travay Piblik (DPW) nan **(781) 393-2417**

Fatra, Resiklaj, Ankonbran, ak Koleksyon aparèy elektromenaje

Kontakte **WM** (*Waste Management*):

- Vizite wm.com
- Rele **(800) 972-4545**

Koleksyon konpostaj ki bay sou lari

Kontakte **Garbage to Garden**:

- Imèl info@garbagetogarden.org
- Rele **(617) 977-4547**
- Kreye yon kont oswa konekte sou medfordcomposts.com

Fatra Jaden ak Fèy ak koleksyon ab de nwèl

Vizite "SeeClickFix" nan medfordma.org/for-residents/see

Kontakte "**Casella**":

- Imèl medfordyardwaste@casella.com

Se te "Save That Stuff" ki te konn founi sèvis sa a anvan.

E si mwen bezwen yon poubèl anplis?

Si w toujou gen plis fatra pase sa poubèl ou an ka pran, ou ka lwe lòt poubèl. Pou yon poubèl fatra oswa yon poubèl resiklaj anplis, tanpri **rele WM** pou kòmande epi peye:

- **Poubèl fatra siplemantè ki kenbe 64 galon an koute \$278.42 pa lane**
- **Poubèl resiklaj siplemantè ki kenbe 96 galon an koute \$124.20 pa lane**

Pou yon poubèl konpòs anplis, Kontakte "**Garbage to Garden**" pou kòmande epi peye:

- **Yon poubèl konpostaj ki sou bò lari anplis ki kenbe 12 galon an koute \$22.50 pou poubèl la, epi \$108 pa lane pou sèvis la.**

Vizite recyclesmartma.gov pou jwenn repons ak tout kesyon ou genyen sou resiklaj.

Vizite medfordma.org/waste pou konsèy anplis sou kijan pou diminye fatra w.

Chè abitan Medford,

Nou kontan pote pou ou nouvo Gid Sèvis Fatra ak Resiklaj anyèl nou an. Gid sila a efòme abitan Medford yo sou opsyon diminyasyon fatra, reyitilizasyon, resiklaj, ak opsyon konpostaj ki disponib pou tout moun e li gen ladann tou, enfòmasyon de-taye sou sèvis koleksyon vil la finanse pou abitan admisib yo.

Si w gen kesyon, tanpri rele biwo Depatman Travay Piblik (DPW) nan **(781) 393-2417** osinon vizite sit entènèt vil la medfordma.org/waste. Chèche bouton **Waste and Recycling Information** sou paj dakèy sit vil la.

Èske m elijib pou sèvis koleksyon vil la finanse?

Pou w elijib nan sèvis koleksyon san sa pa koute w yon dola, ou dwe yon abitan k ap viv nan yon adrès kote ki gen 4 apatman oubyen mwens nan vil Medford, MA. Pou bilding militifamilyal ki gen 5 apatman oubyen plis, jeran bilding nan ka òganize sèvis koleksyon nan kad yon kontra ak nenpòt ki antrepriz koleksyon prive vil la bay otorizasyon: medfordma.org/permits.

Kisa nou rele Sèvis Koleksyon vil la finanse?

Soti Jiyè 2025 rive Jen 2026, benefisyè ki admisib pou sèvis yo ap resevwa koleksyon fatra chak semen, koleksyon fatra resiklab chak 2 semèn epi 20 semèn koleksyon fèy ak fatra lakou. Fanmi ki nan Medford ka resevwa yon sèvis koleksyon konpòs pa semen vil la ap peye, randevou sou medfordcomposts.com pou enskri depi jodiya!

Ki orè pa m pou Sèvis Koleksyon vil la finanse?

Ramasaj fatra fèt chak semèn. Ramasaj konpòs fèt chak semèn pou abitan ki te enskri sou medfordcomposts.com. Koleksyon fatra resiklab fèt chak 2 semèn. Koleksyon poubèl fatra resiklab ak kouvèti ble ap fèt selon orè "Kouvèti Ble" epi koleksyon poubèl fatra resiklab ak kouvèti vèt ap fèt selon orè "Kouvèti Vèt". Gen on kalandriye ki gen sèkis koleksyon sa yo ak koleksyon sezonyè(ramasaj pye bwa ak fèy nan jaden, ramasaj ab de nwèl) nan do gid sila a.

Kisa mwen dwe konnen?

RESIKLAJ

Metete tout atik resiklab yo nan poubèl resiklaj 96 galon ki gen kouvèti ble oswa vèt. **PA METE ATIK RESIKLAB YO NAN SACHE** – lage yo konsa dirèk nan poubèl a.

- **PA METE LÒT FATRA NAN POUBÈL RESIKLAJ LA.**
- Abitan yo dwe peye **\$77.63** pou ranplase poubèl ki **pèdi, swa yo vòlè swa ki andomaje e ki paka repara.**
- Ou ka al depoze fatra resiklab yo nan City Yard la tou; gade seksyon [Resiklaj](#) la.

Kisa mwen ka resikle?

Gade tablo "RecycleSmartMA" ki adwat la, oswa vizite recyclesmartma.org.

FATRA

Tout dechè menajè òdinè dwe fèmen nan sachè epi jete nan poubèl WM vèt la pou koleksyon. **Lalwa entèdi jete nan poubèl tout atik ki anba entèdiksyon eliminasyon fatra Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP) (ni matyè resiklab, matla, rad, fatra jaden).** Pou konnen plis, klike la: mass.gov/guides/massdep-waste-disposal-bans.

- **Fatra menajè ki pa anndan poubèl yo pap ranmase, sof si yo nan sachè vèt debòdman “overflow” leta otorize.** Sachè sa yo disponib nan Stop & Shop, nan zòn Wellington, nan Wegmans, nan Uniao’s Market, epi nan biwo Trezorye Minisipal nan Otèl Vil la. Sachè sa yo nesèsè sèlman pou fatra anplis ki pa antre nan poubèl la. **PA METE ANKENN NAN ATIK SA YO NAN POUBÈL FRATRA A OSWA NAN SACHÈ DEBÒDMAN AN:** Resiklab • Fatra jaden • Salte, gazon, beton oubyen wòch • Fatra konstriksyon/demolisyon • Dechè menaje ki danjre • Sann ki cho oswa tout sa ki ka pran dife tankou luil, gaz oubyen penti • Rad ak twal.
- Abitan yo dwe peye **\$62.10** pou ranplase poubèl ki **pèdi, yo vòlè osinon ki andomaje e ki paka repare.**
- Ou pa dwe depoze sou twotwa nenpòt kalite fatra li ye a avan aprèmidi an fini osinon avan sware a komanse, lavèy jou ramasaj ki prevwa a. **Enfraksyon yo ap mennen sou yon amand \$300 pa jou.**

FATRA JADEN, FÈY AK AB DE NWÈL

Fatra jaden yo ap ramase nan **semèn opoze semèn resiklab ou a** – gade kalandriye a pou plis detay (soti 1e Jiyè rive 19 Desanm 2025, epi soti 30 Mas rive 30 Jen 2026). **PA** voye fèy yo nan kanivo yo oswa nan lari a.

- Fatra jaden ak fèy yo dwe fèmen nan sak an papyè, nan on baril ki louvri osinon fè yon pake ki fèmen ak fisèl ki fèt ak fib natirèl. **PA UTILIZE SACHÈ PLASTIK.**
- Sak jadinaj, baril ak pake ou fè a dwe poze a 3 pye de charyo fatra ak konpòs la.
- Baril la pa dwe fè plis pase 32 galon e l pa dwe depase 50 liv.
- Dyamèt ti pye pwa ak branch yo pa dwe depase 1 pous, epi longè a pa dwe depase 3 pye.

Metal



Bwat Manje ak Bwason
vide epi rense yo

Plastik



Boutèy, Mamit, Galon ak Kivèt
vide yo epi mete bouchon an sou yo

Vèt



Boutèy ak Mamit
vide epi rense yo

Papyè & Katon



Papyè Melanje, Jounal, Magazin, Bwat
vide yo epi mete yo plat

NON!



Pa gen sachè plastik
Pa fè sak resiklaj ou



Okèn Rad ak Twal
sivi ak pwogram dot yo



Pwodwi danjere pa ladan
tanki bwason, pil, zegwi ak sèrang,
oswa pwodwi chimik pa ladan l



Anyen ki Kapab Makonnen
pènen kawoutchou, fil, chèvi, ni
aparèy elektwonik



Okèn Manje ak Likid
vide touz kontanè yo

KONPASTAJ KI SOU BÒ LARI

Abitan ki kalifye yo ka benefisyè sèvis konpostaj sou bò lari san yo pa peye. **Enskri sou medfordcomposts.com**. Nonb enskripsyon yo limite, men li gen pou l ogmante chak ane jiskaske tout rezidan ki admisib yo rive patisipe. Moun k ap patisipe yo ap resewva yon kontnè 12 galon ak yon manyèl itilizasyon. Abitan yo responsab pou yo mete yon doubli sètifye osinon sak ki fèt ak papyè sik anndan kontnè a, konsa y ap asire yo kontenè a ka byen vide.

Pou tout kesyon ki konsène sèvis sa a (egz., enskripsyon, demann sèvis, ranplasman kontnè) nou dwe rele "Garbage to Garden" nan (617) 977-4547 oswa voye imèl nan info@garbagetogarden.org. Genyen yon lis Kesyon Yo Poze Souvan nan medfordcomposts.com.

Kisa mw ka konposte?

- **Tout rès manje!** Keseswa manje kuit, gate, kri oubyen friz • Fwi ak legim • Vyann (kri oubyen kuit), zo, po fuidmè • Pwodui ki fèt ak lèt, yogout, fromaj, bè • ze ak po ze • Ma kafe, filtè ak sachè te (ki pa sentetik) • Bouchon diven natirèl ak kidan • Napkin ak sèvyèt papyè • Papyè glase ak papyè jounal manje tonbe sou yo (si yo pwòp, mete yo nan resiklaj) • Luil ki fè manje, grès ak grès manje • Sachè ki fèt ak papyè sik • Konpostab ki sètifye* (pa egzanp, doubli, atik sèvis, anbalaj, vesèl pou tekawout) • ****Chèche sètifikasyon sa yo Enstitisyon Pwodui Byo (BPI) Sètifye, Asistan Medikal Sètifye (CMA), OK Compost.***
- **PA METE ANKENN NAN ATIK SA YO NAN CHARYO KONPOSTAJ KI SOU BÒ LARI:** Plastik oswa sachè plastik • Polistirèn "Styrofoam" • Papyè Glase "Coated paper" • Pwodui chimik oubyen pestisid • Metal • Vè • Fatra bèt fè oubyen daypè • Fim plastik • Otokolan fwi • Agraf • Aliminyòm • Sachè kondiman • Atach ki vire sou li men ak elastik • Fatra jaden oubyen branch
- Abitan yo dwe peye **\$22.50** pou ranplase poubèl kopostaj ki **pèdi, yo vòlè osinon ki andomaje e ki paka repare.**

ANKONBRAN

Tanpri panse a fè kado oubyen reyitilize atik ki ankonbran avan w itilize sèvis sa. Gade paj sa pou sigjesyon: medfordma.org/for-residents/recycling

- Ankonbran se tout atik menaje ki pa ka resikle e ki pa ka rantre nan poubèl ou, tankou chèz, tab oubyen etajè. Pri koleksyon atik ankonbran yo se **\$15** pa atik.
- Abitan elijib yo dwe kontakte WM pou panifye epi peye koleksyon atik ankonbran yo.
- Tanpri vizite wm.com oubyen rele **(800) 972-4545** pou planifye on ramasaj.
- Koleksyon ankonbran yo ap fèt nan jou resiklaj ou a.
- Atik ankonbrann yo pa dwe poze sou twotwa a avan aprèmidi an fini oswa avan sware a kòmanse nan jou ki vini avan dat ki prevwa pou koleksyon la.

Ki ankonbran ki akseptab?

- Pa egzanp, miwa, tapi, mèb, kapèt (ki pa depase 4 pye nan longè epi 2 pye nan dyamèt lè li woule epi mare) epi gwo jwèt.

Ki ankonbran ki PA akseptab?

- Materyèl konstriksyon oubyen demolisyon, ki gen ladan l tapi pou mi, evye, twalèt ak amwa. Matla ak bòks matla: gade mezi ki pran pou yo nan pati adwat la.
- Atik Politik Entèdiksyon Fatra Massachusetts la entèdi: mass.gov/guides/mass-dep-waste-disposal-bans

Opsyon pou diminye fatra ki disponib pou tout abitan Medford

Abitan Medford sèlman; Yon prèv abityasyon nesèsè

RESIKLAJ APARÈY ELEKTWOMENAJE, TELEVIZYON AK MONITÈ

Resiklaj aparèy elektwomèyaj, atik metalik, tondez pou gazon, souflè pou nèj ak ekipamn espò koute **\$26.91 pa atik**. Resikle televizyon ak monitè pou **\$41.40 pa atik**.

- Abitan elijib yo dwe kontakte **WM** pou planifye epi peye koleksyon atik ankonbran yo.
- Tanpri vizite wm.com osinon rele **(800) 972-4545** pou planifye yon ramasaj.
- Atik sila yo ap ramase lè madi SÈLMAN.

ANGA PENTI

Li chita kò l nan **City Yard, 21 James Street** (toupren Mystic Avenue)

Dat: 20 Septanm epi 18 Oktòb 2025, 9 Me 2026 : soti 9è nan maten rive midi

- Penti a latèks epi a luil SÈLMAN; Tout bokit yo DWE gen etikèt byen presi; Limit la se 5 galon pa fanmi.
- Si gen pi piti pase ¼" penti ki rete, retire kouvèti a, kite l seche konsa, epi jete bwat la nan charyo fatra a osinon itilize lityè chat oswa yon sechaj rapid pou kouvri ¼" penti ki rete a.

RESIKLAJ DEPO

- Nou ka depoze materyo resiklab ki akseptab yo (papyè, katon, boutèy plastik epi feray – tanpri aplati tout bwat katon yo) nan: **City Yard, 21 James St.** (off Mystic Avenue), Lendi rive Samdi 7 a.m. – 3:30 p.m.
- Atik ki gen mèki ladan yo (tèmomèt, elatriye), batri rechajab, anpoul fliyokonpak ak anpoul fliyoresan (tib ki limite a 4 epi ki ale jiska 4 pye nan longè sèlman) ka resikle nan biwo **DPW, Sal 304, Otèl Vil Medford** nan lè biwo.

RAD AK TWAL

Depi 1e Novanm 2022, lalwa leta Massachusetts entèdi pou jete atik sa yo nan poubèl. Lavi Medford ki asosye ak Helpsy, yon antrepriz resiklaj tekstil, pou ofri yon sèvis resiklaj rad adomisil gratis.

- Enskri sou helpsy.co/medfordma oubyen rele **1-800-244-6350**.
- Ramasaj sou bò lari disponib chak semen le samdi, soti 7è nan maten 5è nan aswè pou tout abitan Medford
- Abitan yo kapab depoze tekstil yo lè yo vle tou nan bwat koleksyon "Bay State Textiles" nan lekòl piblik Medford.

MATLA AK BÒKS MATLA

Tanpri verifye medfordma.org/waste pou jwenn lis vandè ki disponib pou koleksyon matla ak bòks matla. Depi 1e Novanm 2022, lalwa Massachusetts entèdi pou itilize lòt metòd pou atik sa yo.

Vizite recyclesmartma.gov pou jwenn repons ak tout kesyon ou genyen sou resiklaj. Vizite medfordma.org/waste pou konsèy anplis sou kijan pou diminye fatra w, epi pou tradiksyon gid sila a.